



Avètisman Dwòg Lari: Xylazine

Xylazine lan wo nan fentanyl ak ewoyin (dwoge)

- Yo te jwenn kalman xylazine pou bèt nan echantiyon dwòg pi souvan nan Massachusetts.
- **Xylazine se yon kalman ki dire lontan, men li pa yon opyoïd.** Kèk echantiyon te gen menm nivo xylanine ke dwòg oswa plis xylanine ke gwòg.

Yon ovèdoz xylazine ka sanble ak yon ovèdoz opyase, men li pa reponn a naloxone. Si moun yo respire men li pa reponn lè w ap eseye reveye yo, **siveye respirasyon yo pou asire w ke yo resevwa ase oksijèn. Bay naloxone, kòmanse respirasyon sekou premye swen, epi rele pou èd si respirasyon yo pa nòmal oswa po yo gri oswa pal.**



Yo te jwenn xylazine nan poud dwòg lari ak nan fo grenn pou doule.

Xylazine lan se yon danje pou sante

Xylazine ka pwovoke

- **Somnolans ekstrèm**
- **Asoupi pandan yon peryòd long**
- **Frekans Kadyak Ralanti**
- **Yon ris ovèdoz wo oswa lanmò** si li itilize avèk dwòg lòt kalman
- **Maleng ak enfeksyon grav**, menm nan kote lwen sou kò w kote w enjekte l lan
- **Blesi grav** si ou pase epi kouche nan yon pozisyon pou twò lontan
- **Vin twò cho oswa twò frèt** si w endispoze deyò a

Gen kèk moun ki te soumèt echantiyon ak xylazine te di li "fè m 'dòmi fason etranj"; "fè m enkonsyan pedan 6 èdtan"; "Fè m pèdi konesans epi mwen leve ak vomisman sou mwen"; ak "yon po k ap brile, te gen yon sansasyon dan yo t ap tonbe."



Rediksyon ris ak ris ovèdoz

- **ITILIZE AK OSWA BÒ KOTE LÒT MOUN.** Moun k ap konsome ansanm ta dwe pran l youn alafwa pou yo pa fè ovèdoz lan nan menm moman.
- Si yon moun fè yon ovèdoz, **RELE POU ÈD EPI BAY NALOXONE LAN** jiskask li kòmanse respire regilyèman, menmsi li toujou enkonsyan. Si yon moun endispoze men li toujou ap respire, mete li nan yon pozisyon rekiperasyon (gad figi anba) epi siveye respirasyon li yo.



Si yon moun endispoze aprè li fin konsome, men li toujou ap respire, **mete li nan yon pozisyon rekiperasyon**, jan sa endike a, **epi rele pou èd!**

- **ITILIZE YON PIKI STERIL** epi netwaye po w nan chak enjeksyon pou evite tout enfeksyon. Siveye zòn enjeksyon yo ak lòt maleng yo. Jwenn èd medikal si maleng lan vin wouj/anfle oswa si ou gen lafyèv.
- Li difisil pou di sa ki nan dwòg lari yo. Konsilte pwogram lokal rediksyon domaj ou a pou jwenn naloxone, èd pou swen blesi, kit swen blesi, founiti pou itilizasyon pi an sekirite, konsèy, ak verifikasyon dwòg ak MADDS.



MADDS se yon kolaborasyon leta finanse ant chèchè Brandeis University, Depatman Sante Piblik Massachusetts, divès depatman lapolis nan vil yo, ak ajans lokal pou rediksyon domaj yo. [Klike isit la](#), eskane kòd QR la, oswa imèl nou sou maddsbrandeis@gmail.com pou plis enfòmasyon.